# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–06 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के मंसा के मोताबिक नीति आयोग जल प्रबंधन, संरक्षण अउर सतत उपलब्धता सुनिस्चित करे बदे जागरूकता बढ़ावे खातिर आजु से पनरह दिन क जल उत्सव क सुरूआति कइले हौ। नीति आयोग कहले हवे कि जल उत्सव आजु से चउबीस नवम्बर ले बीस गो आकांक्षी जिलन अउर प्रबंधन में मनावल जा रहल हौ। एकर आयोजन जल सक्ति मंत्रालय क राष्ट्रीय जल जीवन मिशन, पेयजल अउर स्वच्छता विभाग के ओरि से कइल गइल हौ। एक पखवाड़ा के दौरान बिसिस्ट मनई अउर स्थानीय नेता लोगिन के ओरि से जल प्रबंधन संकल्प दियावल जाई अउर जल संपदा पर तथ्यात्मक जनकारी दीहल जाई।

**********

सूर्योपासना क तिउहार छठ के दुसरका दिन्ने आजु बरत करे वाले खरना पूजन कइ के मंगल कामना कइ रहल हवें। येह मौका पर आजु विधि–विधान से बरत करे वाले सुरूज भगवान के चढ़ावे वाले अरघा खातिर परसादी तइयार कइलें। सथहीं, गुड़ क खीरि अउर आटा क रोटी बना के परसादी के रूप में बंटलें। बिहने निरजला उपास करत व्रती डूबत सुरूज के अरघा दीहें अउर सुक्क के उग्गत भगवान सुरूज के अरघा दे के आपन बरत पूरा करिहें। परब के सफल आयोजन के ले के प्रदेस के सज्जो नदियन, जलासयन अउर बनावल गइल तलाबन पर साफ–सफाई अउर रोसनी क इंतिजाम कइल गइल हौ। कुशीनगरो में छठ तिउहार पर सरधालुअन में ढेरे उछाह हौ। हमरे प्रतिनिधि क एगो रिपोर्ट–

**छठ परब के लेके कुशीनगर जिला में उछाह चरम पर बाटे। बाजार मे ंपूजा के सामान आ कपड़ा खरीदे खातीर लोगिन का भारी भीड़ बाटें। छठ महापरब कािल्ह से नहाय–खाय के सथहीं सुरू हो गइल बा। छठ बरती आजु संझा खरना करत बाड़ें, जेहमें छठ मइया क बरती लोगि रसियाव, खीरि भोग लगा के प्रसाद ग्रहण करिहें। ओकरी बाद छत्तीस घंटा क निर्जला बरत रहि के बिहने संझा डुबते सुरूज भगवान के अरघा दीहें आ फेरू सुक्क के भिनुसारे उगते भगवान सुरूज के अरघा दे के आपन बरत पूरा करिहें। विवेक पाड़े आकाशवाणी समाचार कुशीनगर।**

**********

छठ पूजा के देखत रेलवे बिसेस रेलगाड़ी चला रहल हौ। आजु दिल्ली–एनसीआर से देस के कई गो हिस्सन बदे करीब ओन्नइस बिसेस रेलगाड़ी चलावल जा रहल हौ। एहमें भागलपुर, अजोध्या, गया, बलिया, पटना, सहरसा, सीतामढ़ी, दरभंगा, कटरा अउर मुंबई खातिर बिसेस रेलगाड़ी सामिल हइनि।

उत्तर रेलवे क मुख्य जनसंपर्क अधिकारी हिमांशु शेखर उपाध्याय आकाशवाणी से कहलें कि रेलवे एक अक्टूबर से तीस नवम्बर ले करीब सात हजार बिसेस रेलगाड़ियन क संचालन कइ रहल हौ। सथहीं छठ पूजा के देखत हरियाणा के हिसार से बिहार के बरौनी जंक्सन ले स्पेसल रेलगाड़ी चलावल जा रहल हौ।

**********

छठ महापर्व के मौका पर प्रदेस सरकार स्वच्छ घाट प्रतियोगिता–दो दशमलव सुन्न क आयोजन कइ रहलि हौ। आठ नवम्बर दुइ हजार चउबीस ले आयोजित येह प्रतियोगिता क मुख्य उद्‌देस्य घाटन पर स्वच्छता, सुन्दीकरण अउर पलास्टिक मुक्त परिवेस सुनिस्चित कइल हौ। विभिन्न निकायन के बिच्चे येह प्रतियोगिता के बढ़ावा देवे बदे कई गो गतिविधियन क आयोजन कइल गइल हौ। प्रतियोगिता में घाटन पर साफ–सफाई बनावे खातिर अर्पण कलस स्थापित कइल गइल हौ, जेहसे लोगिन में स्वच्छता के प्रति जागरूकता बढ़ावल जा सके।

**********

हरदोई जिला के बिलग्राम थान्हा इलाका में आजु ऑटो अउर डीसीएम में भइल जोरदार टक्कर में दस लोगिन क मउति हो गइल जबकि चारि जने गम्हिराहे घाही हो गइलें। मृतकन में छौ गो मेहरारू, तीनि गो पुरूस के सथहीं एगो बच्चो सामिल हौ। दुरघटना क सूचना मिलते मौका पर पहुंचलि पुलिस घाही लोगिन के अस्पताले पहुंचवलसि। दुरघटना कटरा बिल्लौर हाईवे पर रोशनपुर गांव के लग्गे भइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ येह दुरघटना पर सोक जतवले हवें। सथहीं, घाही लोगिन के समुचित इलाज बदे सम्बन्धित अधिकरियन के निरदेस दिहले हवें।

**********

धोखाधड़ी के मामलि में पुलिस बसपा क मछलीशहर नगर पंचायत अध्यक्ष संजय जायसवाल के हिरासति में लिहले हवे। बीतल इग्यारह सितम्बर के उनके खिलाफ धोखधड़ी के सथहीं कूटचरित कागजात तइयार कइ के ट्रेलर बेचले के आरोप में मोकदिमा दरज भइल रहे। क्षेत्राधिकारी मछलीशहर बतवलें कि नगर पंचायत अध्यक्ष के धोखाधड़ी के मामिला में हिरासति में ले के पूछताछ कइल जा रहल हौ। ई हाईकोर्ट से जमानति लिहले रहलें। कािल्ह जमानति क समय पूरा भइले के बाद उन्हें हिरासति में लिहल गइल हौ।

**********

लोकगीति क ख्यातिलब्ध गायिका पद्म विभूषण शारदा सिन्हा के सरगबास से आहत मिर्जापुर जिला क साहित्यकार लोगि आजु सोकसभा आयोजित कइ के उन्हें भावभीनी सरधांजलि दिहलें। साहित्यकार भोलानाथ कुशवाहा श्रीमती शारदा सिन्हा के सरगबास के लोक जीवन में अपूरणीय क्षति बतवलें। साहित्यकार गणेश गंभीर कहलें कि छठ मइया के गीति क महान लोक गायिका शारदा सिन्हा क छठ परब पर सरगबास दैवीय कृपे हउवे।

**********